



## DNREC Finalize Règleman Sou Machin Pwòp

*Delaware Gen Objektif pou Atenn 82% Veyikil Zewo Emisyon Anvan 2032*

[Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònman](#) te finalize règleman pou adopte pwogram Advanced Clean Car II (ACC II), ki gen pou objektif pou diminye polisyon ki soti nan veyikil lejè ak mwayen, men li pral limite egzijans veyikil zewo emisyon jiska 82%. Pandan l ap fè sa, Delaware ap pran yon ezi enpòtan pou amelyore kalite lè a epi lite kont chanjman klimatik la.

Règleman yo egzije konpayi k ap kontui machin yo pou yo vann yon bon kantite veyikil zewo emisyon (ZEV) nan Delaware. Opsyon zewo emisyon, tankou veyikil elektrik ak batri, vetikil elektrik ibrid rechajab, ak veyikil elektrik ak pil, pral pi aksesib atravè eta a. Dapre règleman ki finalize a, apati lane modèl 2027, 43% nan nouvo machin ak kamyon y ap voye vann nan Delaware ap ZEV. Pousantaj la ap ogmante jiska 82% an 2032. Règleman yo ap ekspire pandan lane modèl 2033. Reglèman pa diferan ak règleman nan kèk lòt eta. Chanjman yo pral fèt pa etap pandan peryòd senk lane a epi règleman yo pa entèdi yo vann oswa itilize veikil ki mache ak motè ki gen konbisyon entèn.

Se [Arete Sekretè DNREC](#) ki te anonse desizyon an epi li dwe pibliye nan Rejis Règleman Delaware nan dat 1ye desanm 2023. Se lwa eta a, Federal Clean Air Act, enfòmasyon ki nan nòt repons teknik la ak [kòmantè yo resevwa nan men piblik la](#) pandan pwosesis pou adopte règleman an ki te apiye l.

“Pandan l ap adopte règleman ki revize a, DNREC vize pou pwoteje sante piblik, diminye emisyon, epi mete l an amoni ak objektif klimatik Delaware yo - pandan l ap ofri konsomatè yo opsyon transpò ki pi pwòp epi ki pi dirab,” selon pawòl Shawn M. Garvin Sekretè DNREC. “Desizyon sa a pral pèmèt moun respire yon lè ki pi pwòp nan Delaware epi ranfòse pwoteksyon pou kominote yo ki chaje twòp epi k ap fè fas ak polisyon mòflè yo.”

Pwogram Delaware ACC II jan yo te pwopoze okòmansman an te prevwa objektif lavant ZEV chak ane yo ap rive 100% anvan 2035. Pwolonje egzijans lan sèlman jiska 2032, olye 2035, ap toujou ede Delaware diminye emisyon yo epi sipòte yon mache machin pwòp k ap fleri. Li pral reponn ak enkyetid yo te souleve nan kòmantè piblik Depatman an te resevwa yo.

Polisyon akòz transpò se yon kontribiyab prensipal nan emisyon gaz akòz efèdsè nan Delaware. Veyikil ki mache ak gazozil epi dyezèl yo se sous gwo oksid nitwojèn tou. Polyon sa yo gen move efè sou sante piblik la epi entèraji avèk limyè solèy la pou fòme yon polisyon ozòn twoposferik danjere. Règleman yo pral redwi fòm polisyon sa yo epi kontribye nan amelyore sante kominote yo mal desèvi yo ki gen plis chans pou yo toupre wout ki chaje trafik.

Ogmante kantite ZEV sou wout Delaware yo, ansanm ak devlope rezo pou chaje machin elektrik eta a, se estrateji kle ki dekri nan [Plan Aksyon Klimatik Delaware a](#).

Grasa Lwa sou Rediksyon Enflasyon an, gen kredi taks federal ak rabè ki disponib pou acha ZEV. DNREC ap ofri aktyèlman la a [rabè jiska \\$2,500](#) pou sipòte acha yon nouvo machin elektrik, ki ka ajoute nan kredi taks federal yo. Epi tou, gen modèl ki pi ba pri ki vin plis disponib. Yon [lis yo mete ajou reqilyèman](#) bay moun k ap achte machin yo yon referans rapid sou machin ki kalifye pou rabè a.

Anplis, Delaware ap travay san pran souf pou elaji enfrastrikti rechaj ZEV li a pou reponn ak demann chaj ki pa sispann ogmante akòz gen plis machin elektrik sou wout la, san wete estasyon ki chita sou gwo otowout yo ak pi pre zòn riral yo ak zòn yo mal desèvi yo.

DNREC pral evalye pwogrè pandan l ap sèvi avèk zouti suivi pou evalye pwogram nan chak ane. Evalyasyon chak ane sa yo pral konfime livrezon veyikil zewo emisyon nan Delaware epi montre pwogrè nan zafè teknoloji, chèn ekipman, abòdabilite ak pèfòmans batri yo ap fèt nan endistri otomobil la jan yo prevwa l la.

#### **Konsènan DNREC**

Depatman Resous Natirèl ak Kontwòl Anviwònman nan Delaware pwoteje ak jere resous natirèl eta a, pwoteje sante piblik, bay opòtinite lwazi anplennè epi edike abitan Delaware yo sou anviwònman an. [Divizyon Kalite Lè](#) DNREC a siveye ak kontwole tout emisyon nan lè a. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [sitwèb la](#) epi konekte avèk [@DelawareDNREC](#) sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X \(formerly known as Twitter\)](#) oswa [LinkedIn](#).

**Kontak Medya:** Nikki Lavoie, [nikki.lavoie@delaware.gov](mailto:nikki.lavoie@delaware.gov); Michael Globetti, [michael.globetti@delaware.gov](mailto:michael.globetti@delaware.gov)

###